ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№146 (24.896) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



● Гу зылъытапхъэ

## Путин Владимир упщIэкIэ зыхуэвгъэзэну фыхуеймэ

Дыгъэгъазэм и 19-м сыхьэт 12-м телевиденэм къигъэлъэгъуэнущ «Илъэсым кърикIуахэр Путин Владимир дригъусэу» программэр.

Къэралым и УнафэщIым эфир занщIэкIэ зэхилъхьэжынущ иух мы илъэсым кърикIуахэр икIи журналистхэмрэ ди Хэкум щыпсэухэмрэ я упщIэхэм жэуап яритынущ.

Дэтхэнэ зыми упщIэкIэ зыхуигъазэ хъунущ къэралым и Президентым moskva-putinu.ru (москва-путину.рф) программэм и сайтымкIэ, е 0-40-40 номерымкIэ СМС е ММС игъэхьу, апхуэдэу 8-800-200-40-40 телефонымкIэ псалъэу. УпщIэхэр яутIыпщ хъунущ гуэдзэн хэхамкIэ (ар зыхуэдэм нэхъ тэмэму щыгъуазэ зыщащIыфынущ программэм и сайтым).

ТхыгъэкIэ е видеокIэ зэрызыхуагъазэ упщIэхэр Президентым хуагъэхь хъунущ «ВКонтакте», «Одноклассники» социальнэ сетхэмкIи. Программэм и гуп хэхахэр - vk.com/moskvaputinu и ok.ru/moskvaputinu. Апхуэдэуи къагъэсэбэп хъунущ МАХ мессенджерым и къудамэри - max.ru/moskvaputinu.

УпщIэхэр ягъэхь хъунущ дыгъэгъазэм и 4-м москва зэманымкIэ сыхьэт 15-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 19-м нэтыныр иухыху.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Къэралым и щIыхьыр утыкушхуэхэм щаIэт

**Москва лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м спортымкIэ и министр Дегтярев Михаилрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ республикэм спортым зыщегъэужьыным ехьэлIа Iуэхухэм.**

КIУЭКIУЭ Казбек Дегтярев Михаил фIыщIэ хуищIащ спорт IэнатIэм къыщыхалъхьэ жэрдэмхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэзэщIэнымкIэ зэрызакъыщIигъакъуэм папщIэ.

Республикэм щолажьэ спорт школ 47-рэ, абыхэм ящыщу 14-р олимп зэхьэзэхуэхэм хэтыфынухэр щагъэхьэзыр IуэхущIапIэщ. Спорт лIэужьыгъуэ 39-м зыщыхуагъасэ цIыху мин 28-м нэблагъэм, абыхэм ядолажьэ тренер 658-рэ. Спортсмен 213-рэ тренер 11-рэ Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ, дзюдомкIэ, нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэмкIи и командэ къыхэхахэм хэтщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ щIыналъэзэхуаку, урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэхэр щызэхашэ щIыпIэу щытщ. Илъэс къэс мыбы щрагъэкIуэкI чемпионат ину 100-м нэблагъэ. Iуащхьэмахуэ лъапэ хабзэ хъуауэ къыщызэхуос спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ Урысейм и командэ къыхэхахэм хэтхэр – абыхэм я бэшэчагъымрэ къарумрэ щыхагъахъуэ бгылъэхэм.

Зэпсэлъахэм и гугъу ящIащ спорт инфраструктурэм адэкIи зегъэужьын зэрыхуейм. «Спортыр ди гъащIэм и мардэщ» къэрал проектыр щагъэзэщIа пIалъэм къриубыдэу республикэм 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ щаухуащ а IэнатIэм пыщIа IуэхущIапIэу 62-рэ – спорткомплексхэр, ФОК-хэр, спорт пэшхэр, унэтIыныгъэ куэдым дихьэххэм папщIэ утыку 34-рэ. Налшык къыщызэIуахащ иджырей пятиборьем хуэщIа центррэ лъэрыжэкIэ мылым къыщыбжыхь хъу и уардэунэрэ. ДызыхуэкIуэ зэманым зэлэжьынухэм ящыщщ республикэм и щIыналъэхэмрэ и къалащхьэмрэ спорт ухуэныгъэхэр щегъэкIуэкIыныр, щыIэхэр зэгъэпэщыжыныр, ахэр зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэщыныр.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ Урысейм, дуней псом, Европэм, Олимп джэгухэм я чемпион хъуа ди спортсмен куэдым спортышхуэм щыпхаша я гъуэгухэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщежьар.

«Си гуапэ хъуащ спортымкIэ министрым ди лъахэгъу щIалэ Блий Iэюб псалъэ гуапэхэр къызэрыхужиIар. Урысейм и ныпым щIэту иджыблагъэ ар хэтащ Абу-Даби дзюдомкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэшхуэм икIи текIуэныгъэ къызэрымыкIуэ къыщихьащ. Шэч къытесхьэркъым ди спортсменхэм иджыри куэдрэ утыку нэхъ лъагэ дыдэхэм къэралым и щIыхьыр зэрыщаIэтынум», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм зэIущIэр иуха нэужь.



## ПсапащIэ Iуэхухэм езым фIэфIу хэтым (волонтерым) и махуэм теухуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу

«Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

ПсапащIэ Iуэхухэм езым фIэфIу хэтым (волонтерым) и махуэмкIэ си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу!

А махуэм зэкъуегъэувэ цIыху псэ къабзэхэр, гумащIэхэр дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщIэзыгъэкъуэну хьэзырхэр.

Илъэс къэс нэхъыбэ мэхъу ди республикэм щыщу волонтер зэщIэхъееныгъэм хыхьэхэм я бжыгъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ псапащIэхэр нобэ жыджэру хэтщ жылагъуэ гъащIэм, куэдым яхуэщхьэпэ социальнэ проектхэр гъэзэщIэным, хэкупсэ акцэхэм, цIыхухэм щIэныгъэ хэха етыным, щытыкIэ нэхъ гугъу дыдэхэми дежи щIэгъэкъуэн мэхъуф.

Фэ фыхэмыту екIуэкIыркъым мыхьэнэшхуэ иIэу щэнхабзэ, спорт IэнатIэхэм къыщызэрагъэпэщ зы Iуэхуи. Шэч хэмылъу, уасэ хуэщIыгъуейщ ди Хэкур яхъумэу дзэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэм, абыхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ фэ фщIэ лэжьыгъэм.

Дэ дрогушхуэ фи зэфIэкIым! Ди зэхуэдэ Iуэхум хуэфщI хэлъхьэныгъэмкIэ фэ нэхъ гъунэгъу фощI ди ТекIуэныгъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтер зэщIэхъееныгъэм хэт дэтхэнэ зыми си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ, щытхъу фыщымыгугъыу IуэхуфIхэр зэрывлэжьым, гъащIэм жыджэру фызэрыхэтым, цIыхум и гузэвэгъуэр зэрызыхэфщIэмрэ фи гумащIагъэмрэ папщIэ.

Узыншагъэ быдэ, къару мыкIуэщI, ехъулIэныгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ фиIэну си гуапэщ!» – щыжеIэ республикэм и Iэтащхьэм МАХ-м къурилъхьа тхыгъэм.

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз лъэхъэнэр йокIуэкI. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;**

**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.**

**Ди индексыр П5894**

# Сыщалъхуа щIыналъэм хуэзгъэдэн щыIэкъым

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэташхьэу щыщыта лъэхъэнэм Къанокъуэ Арсен илэжьа Iуэху щхьэпэхэр Iэфiу ди гум къинэжащ. Абы Iуэхуфiхэм дэтхэнэри щыгъуазэщ икIи щIэх-щIэхыурэ дытепсэлъыхь хабзэщ. Ауэ и сабиигъуэм, икъекIуэкIыкIам, нобэрей махуэм къызэрыхуэкIуам хэзыщIыкIыр мащIэщ. Езыр абы тепсэлъыхьыжу зэхэзыхар закъуэтIакъуэу къыщIэкIынущ. Апхуэдэ хъыбархэм дыщигъэгъуэзэн папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакIуэ Жыгуэ Иннэ Къанокъуэм хуэзащ, гупсэхууи къигъэпсэлъащ. Фи пащхьэ идолъхьэ гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ псалъэмакъыр.*




- Сэ Шытхьэлэ къуажэм сыкъыщалъхуащ. Ди адэм агроному щIидзэри, къуажэсоветым и унафэщI къулыкъум нэсыху лэжьащ, ди анэр фельдшерт. А зэманым къекIуэкIыр арати, фIыуэ деджэу, дылажьэу, гугъу дехьу, хабзэм дытету дагъэсащ. 8-нэ классыр Шытхьэлэ курыт еджапIэм къыщызухри, Нарткъалэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм щыпысщащ. Километри 5 - 6 дэлът Шытхьэлэрэ Нарткъалэрэ я зэхуакуми, 9-10 классхэр къэзухащ лъэсу абы сыкIуэ-сыкъэкIуэжу. Ди егъэджакIуэхэм щIэныгъэшхуэ ябгъэдэлъу, цIыху тkIийуэ совет лъэхъэнэм ипсыхьа защIэти, фIыуэ демыджэу, демылIалIэу ядэртэкъым. Къуажэми мылажьэрэ, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзымыщIыкIрэ дэсакъым. ДэнэкIэ уплъэми – псори еджэрт, лажьэрт, ехъулIэныгъэфIхэр зрагъэгъуэтырт. Москва сыкIуэу сыщеджэну сыхъуапсэрти, курыт еджапIэр къызэрызухыу къалащхьэм сыунэтIащ.

**- НобэкIэ уи цIэр дуней псом къыщраIуэ. Уполитикщ, ухьэрычэтыщIэщ, упсапащIэщ, Iуэхугъуэ куэдымкIэ лъэпкъым щIэгъэкъуэн ухуохъу. Арами, хьэрычэтыщIэущ укъызэрежьари, абы и гугъу уэзгъэщIынут.**

- Хьэрычэтым гугъуехьышхуэ пылъщ. Узэлэжьынури абы узэрелэжьыну щIыкIэри убзыхуауэ, акъыл хэлъу щытыпхъэщ. Пэжщ, къызэрыгуэкI Iуэху цIыкIукIэ етшажьэри, хэдгъахъуэм-къыпытщэурэ, зедгъэужьащ. Зэманым декIур лIыфIщ, жиIатэкъэ Къэзанокъуэм?! Зэманым къигъэув псэукIэм лъэрытету дызэрыхэкIын Iэмалхэр къэтлъыхъуэу, технологиехэм къыхэдгъахъуэу, мылъку нэхъ къызыхэкIыну Iуэхугъуэм зетпщытурэщ дыкъызэрыгъуэгурыкIуар. Ауэрэ заводхэр, тыкуэнышхуэхэр къызэIутхащ, жып телефонхэр къыщежьам «сотовэ связым» дыхэтащ, щIыми делэжьащ. Зы унэтIыныгъэ и закъуэ мыхъуу, зыбжанэм зэуэ дытегушхуэрт. Адыгэ Iэнэр лъакъуищым иIыгъмэ, дэ зыхыбл зэдэтхьырт, зыр мыхъумэ, адрейм дызэтриIыгъэным дыщыгугъыу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэманыр хьэлъэт, гъащIэр и пIэм имызагъэу дзыхьщIыгъуэджэти, ди зы Iуэхур лъэныкъуабэ хъумэ, арыххэу дызыщыгугъын гуэр щыIэн хуейт. Аращ сэ гупсысэ нэхъыщхьэу сытым дежи сиIар. Ди акъылым зыгуэр къимытIасэмэ, зи Iуэху ефIакIуэхэм дыдэплъейуэ, дечэнджащэу, ди щIэныгъэм хэдгъахъуэу нобэм дыкъэсащ.

**- Хьэрычэтымрэ политикэмрэ къищынэмыщIауэ, щIэныгъэми гулъытэшхуэ хубощI, Арсен. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием уритхьэмадэщ. Абы уи мылъкукIэ къыдегъэкI лъэпкъым къытхуэщхьэпэн тхылъ куэд, щIэныгъэ журнал. Къыдэвгъэкl тхылъхэр академием къыхуагъэлъагъуэ псоми дауэ къазэрыхэфхыр?**

- Тхылъ зытх щIэныгъэлIхэм къэралым е хьэрычэтыщIэхэм мылъкукIэ зыщIамыгъакъуэмэ, езыхэм я къару закъуэкIэ пэлъэщыркъым. Апхуэдэу адыгэ литературэр, гъуазджэр, тхыдэр, щэнхабзэр, адыгэбзэр ягъэкIуэтэну хущIэкъуу, ауэ мылъкум деж Iуэхур нэсамэ абы къилъахъэу щIэныгъэлI куэд диIэщ. Адыгэ академием и президенту сыщIэувар, щIэныгъэм, щэнхабзэм, бзэм зегъэужьынымкIэ сэбэп сыхъуххэнумэ, псалъэкIэ, мылъкукIэ, чэнджэщкIэ, IуэхущIафэкIэ адыгэ лъэпкъым зыщIэзгъэкъуэну арат. ЩIДАА-м и Президиумыр хоплъэ ди щIэныгъэлIхэмрэ тхакIуэхэмрэ къат тхыгъэхэм. Лъэпкъым къытхуэщхьэпэн, и пщIэмрэ и цIэмрэ зыIэтын, щIэныгъэр, тхыдэр, гъуазджэр зыгъэкIуэтэн гуэр хэлъу къалъытэмэ, абы хуаутIыпщыну мылъкум сэ сыщысхьыркъым. Илъэсым хуэзэу сом мелуани 10-15 изот академием и Iуэхур зехьэнымрэ тхылъ къыдэгъэкIынымрэ. А бжыгъэм хэзгъэхъуэну си мурадщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къыдэдгъэкI тхылъхэр тхылъымпIэм тедза и закъуэ мыхъуу, бжыгъэм хуэгъэкIуэжауэ интернетым къинэмэ, цIыху нэхъыбэм ялъэIэсмэ ди гуапэщи, абыи мылъку гуэр зэрытекIуэдэнур къыдгуроIуэ.

**- Адыгэ щIалэгъуалэм щыщу Iуэху яублэну жэрдэм зыщIхэм, зи щIэныгъэ хэзыгъэхъуэну хуейхэм мылъкукIэ защIыбогъакъуэ. СэзэригугъэмкIэ, ди къэкIуэнум хэпсэукIыну щIэблэм бгъэдэлъыын хуей зэфIэкIымрэ гъэсэныгъэмрэ тепщIыхьу аращ...**

- ЦIыхум бгъэдэлъ мылъкуракъым цIыху зыщIыжыр. Абы гъэсэныгъэ, хабзэ, хьэл-щэн дахэ хэмылъмэ, псэлъэкIэ имыщIэмэ, езым и щхьэм щхьэкIэ илэжь псоми мыхьэнэ иIэкъым. Упсэун, гъащIэм узыхуей псор щызыIэрыбгъэхьэу упхыкIын папщIэ, мылъку уиIэн хуейщ, дауи, ауэ мылъку фIэкIа цIыхум и щхьэм нэгъуэщI зыри имылъмэ, сэ апхуэдэм и гъащIэр си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым. Аращи, ди щIэблэм гъэсэныгъэ дахэ хэтлъхьэныр, адыгэм игъащIэ лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ Хабзэр дымыгъэкIуэдыжу абы ди бынхэр щIэтпIыкIыныр мылъкум нэхърэ нэхъапэу къызолъытэ.

**- Псапэ куэд зэрыпщIэр щэхукъым. ЛъэIукIэ зыкъыпхуэзыгъазэхэм я бжыгъэр хэмыхъуэмэ, зыкIи зэрыкIэрымыхури наIуэщ. КъолъэIу псоми уадэIэпыкъуф хъункъым, дауи. Ауэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ а узыдэIэпыкъухэр къызэрыхэпхыр?**

- Пэжу, цIыху куэдым зыкъытхуагъазэ. И нэхъыбэр къатхэу аращ. Абыхэм дроплъэжри, сымаджэу хамэ къэрал шэн хуей, хущхъуэ хуэныкъуэ яхэтмэ, ахэр япэ идогъэщ. ЕджапIэ кIуэну, щIэтIысхьэну къыкIэрыху щыIэмэ, абыхэм етIуанэу дадоIэпыкъу. Зы мазэм хуэзэу мелуанитI апхуэдэ Iуэхухэм тыдогъэкIуадэ. СызэреплъымкIэ, узыдэIэпыкъун хуейр узыншагъэ, щIэныгъэ Iуэху зезыхуэхэрщ, жьыкIэфэкIэр, насыпыншагъэ гуэр къызытепсыхар гулъытэншэу къэбгъанэ хъунукъым. ЩIалэгъуалэм я къару илъыгъуэщи, я Iуэху яхуэщIэжу, зэфIахыфу щытыпхъэщ. Щэнхабзэ IуэхукIэ адыгэр утыку ихьэн хуейрэ мылъкукIэ яхузэхуэмыгъэхъумэ, апхуэдэхэми защIыдогъакъуэ. Нэхъыбэ тхузэфIэкIамэ, лъэIукIэ зыкъытхуэзыгъазэ псоми дадэIэпыкъуфамэ, дауи, фIыт. Ауэ узыдэIэпыкъум езым и лэжьыгъэ, и жэрдэм гуэр умылъагъумэ, къекIуркъым, уэ хуэпщIэри фIыщIэ ищIынукъым. Лэжьэну, псэуну хущIэкъум удэIэпыкъурэ, нэхъри щыхигъахъуэкIэ, гухэхъуэщ абы зэрызиужьам укIэлъыплъыну. Мис апхуэдэм узэрыдэIэпыкъу мылъкур и хьэлэлщ.

**- Адыгэ хабзэми динми къагъэув псапэ пщIэн хуейуэ. Мыпхуэдиз псапэ щIэпщIэр ара, хьэмэрэ уи нэхъыжьхэм ядэплъэгъуа щапхъэ ар?**

- Ди нэхъыжьхэм ядэслъэгъуауэ къыщIэкIынущ. Сыту жыпIэмэ, къуажэм дыщыдэсым хьэблэ дахэу дызэхэсти, зым адрейм зыщIигъакъуэу, гуфIэгъуэми нэщхъеягъуэми дызэкъуэту дагъэсащ. Динми къегъэув илъэсым къриубыдэу къэблэжьам щыщ Iыхьэ гуэркIэ псапэ пщIэн хуейуи, ар согъэзащIэ. Диным и закъуэкIэкъым сэ а Iуэхум сызэрыбгъэдыхьэр, Адыгэ хабзэри хэлъщ.

**- УзыдэIэпыкъуауэ зи Iуэху кIуэтахэм, «уи фIыгъэкIэ зызужьащ» къыбжаIэж, дауи. Ар щызэхэпхкIэ, нэхъыбэжкIэ садэIэпыкъуарэт жыпIэрэ?**

- ФIы щIэи псым хэдзэ жи адыгэм. Сэри апхуэдэущ абы сызэреплъыр. Пэжщ, цIыхум хуэпщIар къыщыгурыIуэкIэ, уи гуапэ мыхъуу къанэркъым. Мис апхуэдэ щызэхэсхыжкIэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, си гуапэщ.

**- Адрейхэм ефIэкIым, цIэрыIуэ хъуам хуэмыфащэ, кIэрымылъ щыхужаIэ щыIэщ, я цIэ ягъэулъеин мурадкIэ. Ар фыгъуэм къыхэкIыу арагъэнщ. ЩIыбагъкIэ къыпхуэпсалъэхэм жаIэр уи жагъуэ хъурэ, хьэмэрэ къыпфIэмыIуэхужу, уесэжауэ пхужыIэну?**

- Япэм лIыгъэ зыхэлъ адыгэм «хэт уи ныбжьэгъу?» жаIэу еупщIыртэкъым. «Хэт уи жагъуэгъу?», - жаIэрт. Уи жагъуэгъур лIыфIмэ, цIэрэ щхьэрэ иIэмэ, уэри абы ухуэфэщэну къалъытэрт. ЦIыхухъур лажьэмэ, хыхьэхэкI иIэмэ, жылагъуэ Iуэху зэрихуэмэ, жагъуэгъу имыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дунейр аращ зэрыщытыр, цIыхур къызэригъэщIрэ зэпоуэ, аращ зозыгъэузэщIри. Жагъуэгъур ди мащIэкъым, ныбжьэгъур нэхъыбэжщ. «Лей къозыхам, зэи лей иумыхыж», - жиIэрейт ди адэм. Сэ ар къызгурыIуэртэкъым... Дауэ лей къозыхам зэрыхуэбгъэгъунур?! «Уи ныбжьыр нэсмэ, къыбгурыIуэжынщ», - жиIэрт абы. ИужькIэ, пэж дыдэу, къызгурыIуащ: жагъуэгъум жэуап ептыжу упсэумэ, фIыри Iейри пфIызэхэзэрыхьыжынурэ, фIы къэзылэжьми гу лъумытэжу ухъунущ. Iейми фIыми зыдебгъэкIуфу, цIыхур фIыуэ щIэплъагъун гуэр и хьэлым хэплъэгъуэфу ущытын хуейщ. Пхуэхъуэжмэ пхъуэжынщ, узэхимыщIыкIмэ – нэхъ тkIийуэ уепсэлъэнщ. Iэмал зимыIэ щыIэкъым, ажалым къищынэмыщIа.

**- Къызэрыгуэкl цIыхухэм я жыIэ зэхэпхыу къысщохъу. Интеренетым ущиIэ напэкIуэцIхэм къагъэлъагъуэ ар. ЦIыхухэр гулъытэншэ пщIыркъым, уаподжэж, лъэпкъым ухэбзэхыкIыркъым зэи.**

- ЦIыхухэм жаIэр зэхыумыхынумэ, ахэр зыхуейм ущIэмыдэIумэ, власть къуатам мыхьэнэ иIэкъым икIи пхуэфащэкъым. Сыту жыпIэмэ, а цIыхухэр уэ къыпщыгугъыу зэгуэр пашэ уащIащ, ухахащ, жэуаплыныгъэрэ гугъэрэ уи пщэ къыдалъхьащ, дзыхь къыпхуащIащ. Абы теухуауэ, сыт хуэдэ лъагапIэ удэкIуеями, зэи цIыхум уи щIыб яхуэбгъазэ хъунукъым. Дэ дызэрагъэсар апхуэдэущ – цIыхур фIыуэ умылъагъумэ, удэIэпыкъуну ухуэмеймэ, уи пщэ къыдалъхьа къулыкъу лъагэр пхуэфащэкъым.

**- Адыгэм ди щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ сытым нэхъ уигъэпIейтейрэ, Арсен?**

- Ди анэдэлъхубзэр зэрытфIэкIуэдым. Адыгэ хабзэр зэрытщыгъупщэм. Хамэ къэрал къыщыхута ди лъэпкъэгъухэр зыхэс лъэпкъхэм зэрахэшыпсыхьым. Пэжщ, къэрал щIыбым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зи бзэ, хабзэ, щэнхабзэ зыхъума куэди яхэтщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей щIалэгъуалэм а псор яIэщIохy. Илъэс 20 - 30 хъухэм я бынхэм адыгэбзэр ящIэркъым. Уеблэмэ ди къуажэдэсхэри ирипсэлъэжыркъым. Бзэр уимыIэжмэ, лъэпкъыр щыIэну? Мис абы телъэжьэн хуейщ. Унагъуэм къыщежьэ Iуэхущ ар.

**- ХэкIыпIэу сыт плъагъур?**

- ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэлIхэм я пщэ дэслъхьауэ, «Адыгэхэр 2040» Iуэхум йолэжь иджыпсту. А Iуэхум тету яубзыхуащ лъэпкъыр, бзэр, хабзэр, тхыдэр тхъумэн, дгъэкIуэтэн папщIэ, унагъуэми, курыт еджапIэми, къэралми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми ялэжьын хуейр. Къэдгъэсэбэпынущ иужьрей Iэмалу дунейр зэщIэзыщта IэрыщI къэухьыр. ЖыпIэнуракъэ, Iэмалу щыIэр къэдгъэсэбэпу адыгэ лъэпкъыр зэрыадыгэу дунейм тетIыгъэну аращ ди мурадыр. Ар зы цIыхукIи цIыхуипщIкIи зэфIэкIа зэрымыхъунур быдэу къыдгуроIуэ. Ауэ нобэкIэ сыт дэтхэнэ зы адэ-анэми яхузэфIэкIынур? Унагъуэм адыгэбзэкIэ щыпсэлъэну, адыгэ хабзэр щагъэлъэгъуэну, щызэрахьэну я къару илъщ. Апхуэдэ унагъуэм къыщыхъу сабийм а псор зыхимыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Мис ар адэ-анэхэм къагурыIуэмэ, щIэныгъэлIхэм я Iуэхури куэдкIэ щагъэпсынщIэнт. Iэмал куэд щыIэщ, цIыхур хуей къудеймэ. Интернет защIэкIэ адыгэбзэ зэзыгъэщIахэри соцIыху. Гулъытэ хуэщIын хуейуэ къысщохъу адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм. Абыхэм я пщIэмрэ улахуэмрэ Iэтыпхъэщ.

**- Хамэ къэрал куэдым ущыIащ, Арсен. Уи псэм зыщигъэпсэхур, нэхъ дахэр сыт хуэдэ щIыпIэ?**

- Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ дахэ, нэхъыфI щыIэу сщIэркъым. Псы дыщыщIэркъым, щIым сыт хэпсэми къокI, ди къуршхэр, щIыуэпсыр хьэрхуэрэгъу зимыIэщ. Джылы-Су гъуэгум срикIуэну сфIэфIщ хэкум сыщыщыIэм деж. Пэжщ, щIыпIэ куэд слъэгъуащ, ауэ сыщалъхуа щIыналъэм хуэзгъэдэн щыIэкъым. Ди адэжьхэм ар тхуахъумэри, нобэм къытхуахьэсащ.

*Зытхыжар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**

# Нартхэр. Адыгэ эпос





**Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыин хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ Нарт эпосыр. ЛIыхъужьыгъэ инхэмкIэ, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ гъэнщIа а хъыбарылъэ хьэлэмэтым и лъабжьэхэр аддэ жыжьэ къыщожьэ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар щыIэщ ди эрэм ипэж ита социальнэ зыужьыныгъэм и езанэ илъэс миным. Ди лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр, дяпэ ита нэхъыжьыфIхэм яIа псэукIэр, дуней еплъыкIэр, гупсысэкIэр лъэныкъуэ куэдкIэ къыщыгъэлъэгъуа нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ ди блэкIам и даущыр ди деж къэзыхьэса, адыгэм ди блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжщ. ЖыпIэнурамэ, Нарт эпосым хуэдэу лъэпкъым дгъэлъапIэ нэгъуэщI Iуэрыгуатэ лIэужьыгъуэ димыIэми ярейщ адыгэхэм.**

А ПСОМИ теухуа псалъэмакъ купщIафIэ дыгъуасэ щекIуэкIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщlакlуэ гупым и зи чэзу зэхуэсым хыхьэ лэжьыгъэхэм къызэщIиубыдэу къызэрагъэпэщащ «Адыгэ нарт эпосыр лъэпкъым и псэкупсэ щэнхабзэм и фэеплъ гъуэзэджэщ» фIэщыгъэр зиIа щIэныгъэ-практикэ конференцышхуэр.

Зэхуэсышхуэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Конференцым къэрихьэлIахэм фIэхъус гуапэ яриха нэужь, ар къытеувыIащ зэхуэсым и утыку щрахьэну Iуэхугъуэхэм, тепсэлъыхьащ Нарт эпосыр адыгэхэм илъэс мини 100 куэд лъандэрэ къадекIуэкI фIыгъуэу зэрыщытым. Апхуэдэуи къыхигъэщащ ди къэралышхуэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми, ар куэдми и бжыгъэкIэ мащIэми емылъытауэ, я щэнхабзэр, литературэр, анэдэлъхубзэр яхъумэжын папщIэ УФ-м и унафэщIхэм Iэмал псори къызэрыхузэрагъэпэщым, ахэр ди Хэку иныр зэрыпагэ, зэрыгушхуэ къулеигъэ нэхъыщхьэхэм зэрыхалъытэм.

АдэкIэ псэлъапIэр хуит хуащIащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» томиплI хъууэ къыдэкIа тхылъ абрагъуэм елэжьа щIэныгъэлIхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа еджагъэшхуэхэм, ди республикэм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ цIыху цIэрыIуэхэм, хэкупсэхэм.

- Лэжьыгъэ къызэрымыкIуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэм зэфIахар. Зэман кIыхькIэ дызэлэжьа къыдэкIыгъуэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ, абрагъуэщ. Абы нэхъапэIуэкIэ къыдэкIауэ щыта нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ щызэхуэтхьэсыжа къудейкъым, атIэ тхылъхэм ахэр къыщыхьащ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи, ди лъэпкъ IуэрыIуатэр, щэнхабзэр зыфIэхьэлэмэт нэгъуэщI лъэпкъхэми абыхэм щыгъуазэ зыхуащIыфын хуэдэу. КъинэмыщIауэ, къыдэкIыгъуэм ихуа тхыгъэ къэс кIэщIэтщ ар къызыIуатэжам, зытхам, щатха щIыпIэмрэ зэманымрэ ятеухуа хъыбархэр, - къыщыхигъэщащ и докладым КъБИГИ-м и пашэ, «Нартхэр. Адыгэ эпос» проектым и унафэщI икIи и къызэгъэпэщакIуэ, лъэпкъ еджагъэшхуэ, профессор, ЩIДАА-м и академик **Дзэмыхь Къасболэт**. - Лъэпкъым и дуней еплъыкIэм и лъабжьэр къызыхэщ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ я деж къыщежьащ жьэрыIуатэбзэм и зыужьыныгъэри.

Дзэмыхьым зэрыжиIамкIэ, лъэпкъ щэнхабзэм и фIыгъуэу къэтлъытэ нарт эпосым тхыгъэхэм, тхылъхэм нэмыщI, зыщегъэужьыпхъэщ сурэт гъуазджэми, уэрэдхэми, сабийхэм папщIэ къыдагъэкI таурыхъ жанрхэми. Апхуэдэу лъэпкъым къыщIэувэ щIэблэр нэхъри ешэлIа хъунущ абыхэм.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата **Гъут Iэдэм**, «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъыр къыдэгъэкIыным хуэщIа лэжьыгъэхэм, ар дунейм къытехьэным зи гуащIэрэ щIэныгъэ куэдрэ езыхьэлIа лъэпкъ еджагъэшхуэр, тепсэлъыхьащ тхылъым и Iыхьэхэмрэ абы ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэм зэфIаха лэжьыгъэхэмрэ зэрызэхэт щIыкIэм.

- Псом япэрауэ жысIэнуращи, акъыл зэхэдзэрэ зэфIэкI зэкъуэтым къигъэщIа мы тхылъыр дунейм къызэрытехьам къегъэлъагъуэ адыгэхэм абыкIэ диIэ еплъыкIэхэр зэрызэтехуар, зы гупсысэмрэ псалъэмрэ дытет зэрыхъуар, - жиIащ Гъутым. - «Шыхулъагъуэкlэ лъэпкъым къытхуэкIуа лIыхъужьхэм» ятеухуа а лэжьыгъэр къызэретхьэлIа щIыкIэм дытепсэлъыхьмэ, ар Iыхьищу зэщхьэщыхауэ екIуэкIащ. ЯпэщIыкIэ дэ зэхуэтхьэсыжащ нарт хъыбаррэ пшыналъэу дунейм къытехьауэ, щаIуэтауэ, щыжаIауэ щыIэхэр. КъыкIэлъыкIуэу, абыхэм дахэплъэжащ, дджэщ, япкърылъ купщIэр, гупсысэр, акъылыр сэтей къызэрытщIыным дыхущIэкъуу. Абы иужькIэ делIэлIащ а псори лъэпкъым и цIыхухэм я деж нэтхьэсыным.

Гъут Iэдэт тепсэлъыхьыжащ япэу, 1941 гъэм, къыдэкIа «Нартхэр» тхылъым ихуэгъахэр зэрызэхуахьэсауэ щытам, къыкIэлъыкIуэу а Iуэхум кууэ елэжьа лъэпкъ щIэныгъэлIхэу ХьэдэгъэлI Аскэр, Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, нэгъуэщIхэми я зэфIэкIым къэрикIуахэм. Мыхьэнэшхуэ яIащ 1951, 1974 гъэм къыдэкIауэ щыта «Нартхэр» тхылъхэм. Абыхэм яхэттт «Совет къэралым ис лъэпкъхэм я эпосыр» къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэу СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Дунейпсо литературэмкIэ и институтым и жэрдэмкIэ дунейм къытехьахэри. Абы щыгъуэм япэу къэралым къыщыдагъэкIахэм яхэхуауэ щытащ «Нарт эпосыр», адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхауэ.

«Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъым теухуауэ конференцым и утыкум куэд къыщыпсэлъащ. Апхуэдэхэщ КъБИГИ-м и щIэныгъэ лэжьакIуэхэу **Быхъурэ Мухьэмэд**, **БакIуу Хъанджэрий**, **Хьэвжокъуэ Людмилэ**, **Хьэгъэжей Лянэ**, Адыгэ Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и IэщIагъэлIхэу **Къуиикъуэ Асфар**, нэгъуэщIхэри. ХамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри щыгуфIыкIащ тхылъышхуэм. Абыхэм я цIэкIэ онлайн щытыкIэм тету тхылъыр къыдэзгъэкIахэми конференцым хэтхэми Тыркум къыипсэлъыкIри гуапэу къехъуэхъуащ **Къущхьэ Догъэн**. Псалъэ зратахэм ящыщ дэтхэнэри ехъуэхъуащ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыха щIэныгъэлI гупым. ИпэжыпIэкIэ, фIыщIэ ин яхуэфащэщ къыдэкIыгъуэ къызэрымыкIуэм елэжьа щIэныгъэлIхэу проектым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, Гъут Iэдэм, Быхъурэ Мухьэмэд, Нало Заур, ЦIыпIынэ Аслъэн, Табыщ Мурат, Хьэгъэжей Лянэ сымэ, тхылъым и рецензентхэу БакIуу Хъанджэрийрэ БищIо Борисрэ, ар къыдэкIыгъуэм хуэзыгъэхьэзыра Гъут Лянэ, тхылъыр зи сурэтхэмкIэ ягъэщIэрэщIа Бырсыр Абдулыхь, Къармокъуэ Аслъэн, Натхъо Зэчий, ПэтIуашэ Феликс сымэ, нэгъуэщIхэми.

Куэдым яфIэхьэлэмэтащ конференцым къыхузэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэри. Зэхуэсыр щекIуэкIа пэшышхуэм ухуэзышэ щIыхьэпIэм щыплъагъурт нарт лIыхъужьхэм ятеухуауэ къыдэкIауэ щыта тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр, тхыгъэхэр, иужьрейуэ дунейм къытехьа томиплIым ихуа сурэтхэм ящыщ куэд. Абыхэм гупсэхуу щыгъуазэ зыхуащIащ конференцым къэрихьэлIахэм.

ЩIэныгъэ конференцым щыжаIа псори къызэщIикъуэжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Зэхуэсым и кIэухыу абы и хьэщIэ лъапIэхэм тыгъэ хуащIащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» томиплI хъууэ къыдэкIа тхылъыр. АбыкIэ зыхуэупсахэм ящыщщ РАН-м и академик, адыгэ еджагъэшхуэ Иуан Пётр, КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэ Зумакулов Борис, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Гъэсашэ Наталье, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ Берд Хьэзрэталий, нэгъуэщIхэри. Ди гуапэ зэрыхъущи, тхылъыр тыгъэ гуапэу зратахэм яхэхуащ лъэпкъ журналистхэу, республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэу Ширдий Маринэ, Жыласэ Маритэ, Мэремкъул Ларисэ, Сэралъп Самарэ сымэ.

«Нартхэр» игъащIэкIи мыкIуэдыжыну адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI художественнэ лъапIэныгъэщ, дунейпсо щэнхабзэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд хъугъуэфIыгъуэщ. Еджагъэшхуэхэм ящыщ куэдым ар хуагъадэ пасэрей алыдж усакIуэ-узэщIакIуэ цIэрыIуэ Гомер и «Илиада»-мрэ, «Одиссея»-мрэ, ижь зэманым псэуа индие узэщIакIуэ Вьясэ и «Махабхаратэ»-м. Лъэпкъыпсо мыхьэнэ зиIэ «Нартхэр» лIыхъужь эпосыр, дызэрыгушхуэ щIэин лъапIэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхъумэфын, яIэрызыгъэхьэфын дрехъу иджырей лъэхъэнэм щыпсэу адыгэхэри!

**КЪАРДЭН Маритэ**.









# 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 8**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Спортыр гъащIэм и хабзэщ» (12+)
**6.30** «Песня далекая и близкая» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЛIыгъэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Ойнай кюле» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.35** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.30** «Гукъыдэж фиIэну» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Уэрэдыр фэеплъ мыкIуэдыжщ». УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Шэрий Иринэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.00** «Гъунапкъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** ЩIалэгъуалэр наркотикым щыхъумэн
**20.25** «ЩIапхъэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.55** «ЩIэныгъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, дыгъэгъазэм и 9**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Вагъуэ цIыкIу» ансамблыр (12+)
**6.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЩIапхъэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.35** «Страна улыбок» (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэ-щыгъэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.30** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.50** «ЩхьэкIэмрэ лъабжьэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Налшык и пшыхьхэр». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Ди хуитыныгъэхэр». Юристхэм чэнджэщ къыдат (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Си бзэ – си псэ, си дуней» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Дирижерыр Темыркъан Юрэщ» (12+)
**20.45** СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 10**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Дыгъэ-щыгъэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**6.30** «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ)
**7.30** СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Си бзэ - си псэ, си дуней» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.55** Пляцковский М. «Псалъэ нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэ». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Сабийхэм я дуней» (6+)
**17.35** «Спортым и зэман» (12+)
**17.50** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**18.25** «Классикэ макъамэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**19.05** «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Си бзэ - си псэ, си дуней». Къэрэгъэш къуажэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** «Сейир эте, жашаргъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.50** СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, дыгъэгъазэм и 11**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**6.45** «Спортым и зэман» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Нанэ и псэ». Адэ-анэхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.30** «Сабийхэм я дуней» (6+)
**8.55** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.30** «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.40** «Зэманми, лъэхъэнэгъухэми, езыми теухуауэ». КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Урысейм щIыхь зиIэ и сурэтыщI Абей Виктор (12+)
**19.00** «Партитура» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**20.00** «ЕхъулIэныгъэ». Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым хыхьэ щэнхабзэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым и унафэщI Шэрыб Валерэ (12+)
**20.25** «Дэ къытхуэнар». КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ Къэжэр Петр къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.55** «Бзэрабзэ, пшынэ». Чеченовэ Iэсият и творческэ пшыхь (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, дыгъэгъазэм и 12**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЕхъулIэныгъэ». Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым хыхьэ щэнхабзэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым и унафэщI Шэрыб Валерэ (12+)
**6.35** «Зэманым екIуу». Тележурнал (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Дэ къытхуэнар». КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ Къэжэр Петр къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Бзэрабзэ, пшынэ». Чеченовэ Iэсият и творческэ пшыхь (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.55** Сутеев В. «Мыр сыт хуэдэ бзу?». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Абрамцевэ Н. «Сэ сыхэт?». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.20** «Жылагъуэмрэ динымрэ» (12+)
**17.50** «Сценэм къыхуигъэщIа». УФ-м щIыхь зиIэ и артист Балъкъыз Валерэ (адыгэбзэкIэ)
**18.30** «Ма алай». ЩIалэгъуалэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Парламент сыхьэт» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. Япэ нэтын (12+)
**20.45** «Уэрэд щIаусыр». УсакIуэ, композитор Бахъуэ БетIал къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.15** Дыгъэгъазэм и 12-р - УФ-м и Конституцэм и махуэщ. «Зэманымрэ тхыдэмрэ» (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, дыгъэгъазэм и 13**

**6.00** «Парламент сыхьэт» (12+)
**6.30** «Уи зэман». ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**7.00** «Лъагъуныгъэм и макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**7.35** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.05** «Езым и дуней» (12+)
**8.30** Ма алай». ЩIалэгъуалэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.35** Буляков Ф. «Выходили бабки замуж». Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и спектакль. Япэ Iыхьэ
**18.30** Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**19.00** «Классикэ макъамэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**19.40** «Уузыншэмэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.10** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**20.25** «ЕгъэджакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Албар» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.45** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 14**

**6.00** Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**6.30** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.45** «Классикэ макъамэхэр» (адыгэзэкIэ) (12+)
**7.25** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**7.40** «Албар» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.25** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.00** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**17.35** Буляков Ф. «Выходили бабки замуж». Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и спектакль. ЕтIуанэ Iыхьэ
**18.30** «Узыщыгугъыпхъэр» (12+)
**19.00** «Пшынэ Iэпэр лъалъэу» (адыгэбзэкIэ)
**19.40** «Ди псэлъэгъухэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** «Ухуейуэ щытмэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 8**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Литературэ тхыгъэхэу плёнкэм щIэуэ тредгъэтхахэр». Мэршэнкъул Натмир. «ЩIакхъуэ» Iуэтэжыр (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «ГъащIэр дэгъэзеигъуэщ». Эфендиев Сэлихь и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** Кулиев Къайсын. «ЩIымахуэм и чэзут» романым щыщ пычыгъуэ. Ебланэ Iыхьэр (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Макъамэм и дунейм» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, дыгъэгъазэм и 9**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Дызэрыгушхуэ цIыху». Ульбашев Мутай (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Лъэпкъым и гупсысэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** МафIэдз Сэрэбий. «Адэхэм я Iущыгъэр фIыгъуэ мылъытэщ» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Мыбдежщ зэныбжьэгъугъэр щыпсэур» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Дохутырыр студием къыдогъэблагъэ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм – зыплъыхьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу». Согуэ Данил (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** БжэныкIэ Мухьэб. «Мэлыхъуэхьэ» поэмэм къытращIыкIа радиоинсценировкэ (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 10**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Абы и творчествэр лIэщIыгъуэм и фэеплъщ». Темыркъан Юрэ (адыгэбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Адыгэ къафэжьым зедгъэщхьу». Симфоние макъамэ (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Гупсэхугъуэ». Алтуевэ Хьэлимэт (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Къуршхэм я хъыбар» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущыгъэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Фэеплъ». Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЩIым къытрина лъэужьыр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, дыгъэгъазэм и 11**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Лъэпкъ хьэгъуэлIыгъуэм епха хабзэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Къэбэрдейр: тхыдэр, къэхъукъащIэхэр, хъыбарыжьхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Макъамэ театрым и уэрэджыIакIуэ пажэхэм я концерт» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «IуэрыIуатэм и хабзэ мыкIуэдыжыр». Гъут Iэдэм (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХХ лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 18.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ» радиопроектыр. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние». Темыркъан Юрэ (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, дыгъэгъазэм и 12**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Конституцэр къэралым и лъабжьэщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «Абы и псэм и макъамэр». Бахъуэ БетIал и фэеплъу (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «Ар тщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Музейм ятеухуауэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Уаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, дыгъэгъазэм и 13**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Макъамэ калейдоскоп» (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 14**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** «ЦIыхубэ гъуазджэм и фIыпIэхэр бжьамийм къригъэкIыу». Бекъул Леонид и фэеплъу (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** «Театрыр микрофоным Iутщ». Жантуев Исса. «Анэхэмрэ бынхэмрэ» радиоспектаклыр (балъкъэрыбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 8**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». ПщыукIхэ я унагъуэр (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». Темыркъан Юрэ (12+)
**17.30** «Спортым и дуней». Урысейм тхэквондомкIэ и чемпион хъуа Байтимиров Тимур
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, дыгъэгъазэм и 9**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «ГъащIэм и алыфбей» (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЩIыхьыр мынэхъапэу». Урысейм и лIыхъужь Тэмазэ Тимур (12+)
**17.20** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Лэжьыгъэм и ветеран Лыджыдэ В. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 10**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». ВВС-м и майор Мэзыхьэ В. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху
**17.10** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Лэжьыгъэм и ветеран Лыджыдэ В. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, дыгъэгъазэм и 11**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр» (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Литературэм и дуней». ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ Бейтыгъуэн И.
**17.30** «КъБР-м щыIэ волонтер зыщIэхъееныгъэ». Нэгъуей А.
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, дыгъэгъазэм и 12**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Тщымыгъупщэн папщIэ». Тылым щылэжьахэр. Лэжьыгъэм и ветеран Къудей А.
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ (12+)
**17.15** «Сыбзылъхугъэщ». Мосс Жаклин (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, дыгъэгъазэм и 13**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 14**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 8**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, дыгъэгъазэм и 9**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 10**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, дыгъэгъазэм и 11**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, дыгъэгъазэм и 12**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, дыгъэгъазэм и 13**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 14**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

# Гур ихузрэ псэр игъэгугъэу

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пщIантIэм цIыхушхуэ щызэхуэсат щэкIуэгъуэм и 28 пщыхьэщхьэм. Ахэр къезышэлIар ЩоджэнцIыкIур къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум ирихьэлIэу, абы и фэеплъу ягъэува спектаклыр япэу зэрагъэлъагъуэрт. А Iуэхум ипэ къихуэу, Алий и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ Бобруйск щыIа концлагерым илъэс 84-рэ ипэкIэ щэкIуэгъуэм и 29-м усакIуэм и псэр зэрыщитар зэращымыгъупщэм и щыхьэту**.

- СЫТУ лъы уасэ лъапIэ щIэтта ди щIым, мытхауэ усэ, поэмэ куэд къэна, щIалэ куэдым я псэ зэуапIэм къина. Ар псори зауэщ, зауэ гущIэгъуншэрщ. И лъэпкъым и щэнхабзэр адэкIи езыгъэфIэкIуэн хуея Алии зэуапIэм Iухьэри къигъэзэжакъым. Ауэ псэкIэ ар тщIыгъущ, и IэдакъэщIэкIхэр ди Iэпэгъущ, къыщалъхуа, щылIа махуэхэм дызэхуосри дигу къыдогъэкIыж. Аращи, ар псэущ икIи и гугъу тщIыху, и гуащIэм дытепсэлъыхьыху псэунущ, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

ПэкIум къыщыпсэлъащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Бейтуганов Исмэхьил**, тхакIуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым жэуап зыхь и секретарь **Хьэту Пётр**, Бахъсэн районым къикIа лIыкIуэхэм къабгъэдэкIыу Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Бырхьэм Залинэ**, КъБР-м и Iэташхьэм и чэнджэщэгъу, Алий и къуэрылъхъу **ЩоджэнцIыкIу Мурат** сымэ. Псоми къыхагъэщащ усакIуэм леишхуэ къызэрытехьар, и цIыху пажэр къэралым зэрыхуэмыхъумар, и фэеплъым хуэфащэ щIэблэ диIэну зэрагуапэр, абы и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ныбжьыщIэхэм щапхъэу къыхах хъун куэд, и псэкупсэ къулеигъэм деж щегъэжьауэ, зэрыхэлъыр.

Дакъикъэ бжыгъэкIэ къызэхуэсахэр пщIантIэм дэтыжщ, ялъэгъуам мащIэу тепсэлъыхьыжхэри, театрым и пэш хуитымкIэ яунэтIащ. Ди республикэм зэрымыцIыху имысми ярейуэ, зэхуэгуапэщ, зэдоуэршэр спектаклым еплъыну къэкIуахэр. Хэти ещIэ ар зытеухуар, хэт и дежкIи щIэ гуэрщи пIащIэу поплъэ. Шэч хэлъкъым тIуми яфIэгъэщIэгъуэнын абы къызэрыхахынум...

ТIэкIу ипэ дилъадэу жытIэнщи, къэмыгупсыса хъыбархэр, гукъэкIыжхэр зи лъабжьэ спектаклым махуэ къэс дызыхэт гъащIэм, абы усакIуэм щиубыд увыпIэм, зэманри дунейри пэмылъэщу гъуазджэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм урагъэгупсысынущ. Ар блэкIам «уезыгъэпсалъэщ», нобэрей гъащIэмрэ къэкIуэну зэманымрэ хуэгъэзауэ. Гулъытэшхуэ хуэщIащ утыкур зэрыубзыхуам: нэхъ мащIэ дыдэу къэбгъэсэбэп хъуну хьэпшыпщ абы иплъагъуэр, актёрхэм я джэгукIэмрэ усыгъэм и къарумрэ гулъытэ нэхъыбэ яхуэпщIыфын папщIэми ярейуэ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩоджэнцIыкIу Алий и пхъурылъху ХьэкIуащэ Мадинэ и «Неотосланные письма» пьесэращ «Адыгэ усыгъэм и дыгъэ» спектаклыр къызытращIыкIар. Ар адыгэбзэм кърригъэзэгъащ РСФСР-м щIыхь зиIэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ. Спектаклым и бзэм лейуэ ущIытепсэлъыну щымыIэу, ар зэрыщIидзэу уи тхьэкIумэм къиIуэ адыгэбзэ къабзэм гур егъэпсэху. Режиссёрым и лэжьыгъэм занщIэу хыболъэгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дэбагъуэ Роман и хъэтI. Ар дауэ, жызыIэни щыIэнщ, ауэ зыми ещхькъым абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэр, и гуащIэм ущыгъуазэмэ, щIэщыгъуагъкIэ гъэнщIауэ зэрыщытым адрейхэм къыхегъэщхьэхукI. Абы и зы щапхъэщ спектаклым и япэ теплъэгъуэр.

ЛэжьапIэ пэшу зыхуэбгъэфэщэнум щIэтщ Динэ (пьесэр зытхар уи нэгу къыщIэзыгъэхьэщ Соблыр Дианэ зи роль игъэзащIэр), компьютерым бгъэдыхьэ-бгъэдэкIыурэ кофе къищIыну зегъэхьэзыр. Бжэм къытоуIуэри къыщIохьэ Нинэ Ираклиевнэ (КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Балъкъэр Тамарэ). Абы Динэ къыхуихьащ хъыбар и адэшхуэ Алий теухуауэ - и адэм и гъусэу концлагерым ар исащ, иужьрейуэ итха усэри иIыгъщ. Динэ бзылъхугъэм жреIэ и адэшхуэм и щIэин тIэкIуфэкIуэхэр, я гукъэкIыжхэр щIыгъуу, зэраIэр.

АдэкIэ ди нэгум къыщIохьэ ЩэджэнцIыкIум и гъащIэ теплъэгъуэхэр: ар Тыркум къызэрыщыхутар, еджэурэ лэжьэн хуей хъуа ныбжьыщIэм бэлыхьу телъар, ди республикэм и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыщытам къылъыкъуэкIа цIыхугъэмрэ къалэмыр зыгъэунэху щIалэщIэхэм (КIуащ БетIал и щапхъэкIэ) ар зэрадэIэпыкъуамрэ, лъэпкъым фIы хуэлэжьыныр зи хъуэпсапIэу щыта усакIуэр политикэ залымыгъэм хэхуэным зы тIэкIу фIэкIа къызэрымынэжатэр, а псом я щIыIужу зауэ мыгъуэжьым езыр хуейуэ кIуэуэ къызэримыгъэзэжар...

Алий хы ФIыцIэ Iуфэм мэжэщIалэу щигъэкIуа зэманым IупщIу уи нэгу къыщIегъэувэ щIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэр, ар зригъэхъулIэн папщIэ, сыт хуэдэ гугъуехьми зэрыпэлъэщынур.

КIыфIым, пшагъуэм къыхэIукIыу зэхыбох Алий и усэхэр, абы къоджэ езыр, зэми щIалэщIэу, зэми нэхъыжьыIуэу (щыщIалэм и ролыр зыгъэзащIэр Хьэщхъуэжь Ислъамщ, балигъыр - Къардэн Заур). Ахэр уи гущIэм нос, усакIуэм игъэва псори псэкIэ зыхыбощIэ. Блокнотым къыдэча напэкIуэцIхэу усэхэр зытетхэр IуплъапIэм къыщыфIадзэри, уи гурыщIэхэр нэхъри къызэщIаIэтэ.

Нало Жансэхъу ягъэтIысауэ зэхэзыха и щхьэгъусэр (зыгъэзащIэр ДыщэкI-ХьэхъупащIэ ФатIимэщ, нэгъуэщI джэгугъуэм Хурзокъуэ Элинэ хэтынущ) мэгузасэри, Алий жреIэ Къалмыкъ БетIал (зыгъэзащIэр ТIымыжь Владимирщ) и деж кIуэуэ къихъумэну елъэIуну. Апхуэдэуи бзылъхугъэр мэгугъэ Цагъуэ Нурий къыдэIэпыкъуну. КIуэнущ Алий БетIал и деж, ауэ елъэIун папщIэкъым. И щхьэм зыгуэр зэрыщыхъэр пщIэуэ гупсысалэщ, иужькIи IупщI мэхъу зэригъэзэхуар: абы псэупIи псэхупIи кърatынукъыми, зэуапIэм кIуэрэ и Хэку ихъумэжмэ нэхъыфIщ, мамыр гъащIэм абы зыри зыкIи къыщыщыгугъыркъым, уеблэмэ хуагъэхьэзырыр нэгъуэщI Iуэху шынагъуэщ. Си фIэщ хъуркъым а жыхуэсIахэр псори псэкIэ Алий зыхимыщIэу, и ролыр зыгъэзащIэ артистым и нэгум къыбоджыкI ар.

Зауэм и «къуагъым» зыкъуигъапщкIуэу политикэ залымыгъэм пэIэщIэ зищIами, и унагъуэр нэсу щихъумэфакъым абы. Ар ди нэгу къыщIагъэхьэ Динэ къызэджэ, Алий хурагъэхьыну зыхунэмыса письмохэм. Абыхэм къахощ унагъуэр зэпымыууэ зэрымэжалIэр, Алий и бынхэм я цIэхэр яхъуэжын хуей зэрыхъуар, Бахъсэн Iэпхъуэу зы унагъуэ гуэрым и пкIэунэм пIалъэкIэ зэрисахэр, къагъэзэжа иужь, я унэм зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ щIэсу кърихьэлIэжу, абыхэм я гъусэу псэун хуей зэрыхъуар, иужькIэ ди къралым и къалащхьэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и фIыгъэкIэ, Хэкум папщIэ зи псэр зыта усакIуэм и унагъуэм талон кърaтын зэрыщIадзар, нэгъуэщI куэди. Апхуэдизкlэ гуузу, пэжагъ ин хэлъу абыхэм къоджэ Дини, плъэмыкIыу уи нэпс кърагъакIуэ, пэшым щIэс куэдми я нэгум губжьымрэ гумэщIагъэмрэ зэщIыгъуу иболъагъуэ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къагъэIурыщIэну яужь итами, ныбэрэ фэбжькIэ гугъущэ ирагъэхьами, Алий апхуэдэ напэншагъэ илэжьакъым. Аргуэру яубэрэжьу хьэпсым къыщIадзэжа иужь, къэзыухъуреихьа и ныбжьэгъухэм захуегъазэ тхылъымпIэрэ къэрэндащрэ къагъуэтыну, лъэпкъым къыхуэнэну иужьрей усэр итхынущи. КъыбгурыIуэ зэрыхъунумкIэ, спектаклым и пэм и деж аращ Нинэ Ираклиевнэ Динэ къыхуихьыжыр.

ЖаIэн я куэдт гурыщIэм зэщIиIыгъэу театрым къыщIэкIыжа цIыхухэм. Зызыхуэзгъэзахэми сызэупщIыну сигу къэмыкIахэми ящыщу куэд къэпсэлъащ, я гупсысэ къызахьэлIэмэ, газетым щхьэкIэ згъэхьэзыр тхыгъэм къыщызгъэсэбэпмэ, яфIэигъуэу. Си гуапэу абыхэм ящыщ зыбжанэ къэсхьынщ:

**Шэпар Iэишэт**, *Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэмкIэ и институтым и щIэныгъэ архивым и унафэщI:* - Лъэпкъ гъэкIуэд Iуэхум ехьэлIауэ щыIэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм лъэ быдэкIэ яхэувауэ къысщохъу Мадинэ и IэдакъэщIэкIыр. Абы къыщыIэта Iуэхугъуэхэр щапхъэу яIэн хуейщ къытщIэхъуэ щIэблэм, абы курыт еджапIэхэми, еджапIэ нэхъыщхьэхэми гулъытэ щыхуащIыпхъэщ.

И унагъуэм къылъыса леймкIэ Мадинэ хузэфIэкIащ лъэпкъыр зыхэта бэлыхьымрэ ар зыпхыкIын хуей хъуа гугъуехьхэмрэ къигъэлъэгъуэн. Гу лъыстащ ныбжьыщIэ, сабий куэд премьерэм зэрыщIэсам, абыхэм яхэтщ, шэч хэмылъу, Алий и гъащIэм и пэжыпIэ иджы япэу зэхэзыххэр. Быдэу си фIэщ мэхъу я нэгу щIэкIар абыхэм зэращымыгъупщэнур, уеблэмэ зэгуэр а Iуэхур къатIэщIу нэхъыбэм зыщагъэгъуэзэну хуеинухэри къахэкIынри хэлъщ.

**Болатов Юруслан**, *усакIуэ:* - Адыгэ лъэпкъ литературэм и классикым и гъащIэм щыщ пычыгъуэхэр Iэзащэу артистхэм щагъэзэщIа спектаклщ ди нэгу щIэкIар икIи Алий и образыр зэпкърыха хъунымкIэ сэбэпышхуэу къысщохъу. Абы къыпыщэн хуейуэ къызолъытэри, а гупсысэм сиутIыпщыркъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы къыхэща эсперантэ бзэм ехьэлIа Iуэхур бгъэбатэ хъунущ усакIуэм и биографием щыщ гуэрхэмкIэ.

**Саракуевэ Iэсият**, *театрыдж:* - ТхакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ХьэкIуащэ Мадинэ хузэфIэкIащ хъума хъуа тхыгъэхэмрэ благъэ-Iыхьлыхэм я гукъэкIыжхэмрэ и лъабжьэу пьесэ гъэщIэгъуэн къигъэщIын. Уи адэшхуэм теухуа хъыбар птхыныр, абы щыгъуэми и гъащIэ мащIэр IупщIу къэбгъэлъэгъуэныр Iуэху тынштэкъым. Си гуапэщ ар хъарзынэу къызэрехъулIар.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Къардэн Заур, ДыщэкI-ХьэхъупащIэ ФатIимэ, ТIымыжь Владимир сымэ я джэгукIэр. Заур къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ Алий и хьэл-щэн дыдэр, уеблэмэ тэмакъкIэщIагъ зэрыхэлъар ролым щыбзыщIакъым. Бзылъхугъэ Iущым зэрихьэлу, щабэщ, гуапэщ, пыгуфIыкI мащIэрэ плъэкIэ хуабэкIэ гъэнщIащ ФатIимэ игъэзащIэ ролыр - Алий и щхьэгъусэ Шаидат и образыр. ТеплъэкIэ Къалмыкъ БетIал зэрещхьымкIэ укъегъэуIэбжь, плъагъур уи фIэщ ещI ТIымыжьым. Зэгуэр и хъыбар зэхэзыхам къицIыхуу апхуэдэщ къулыкъущIэ гущIэгъуншэр.

ХьэкIуащэ Мадинэ и япэ лэжьыгъэр драматургымрэ театрымрэ я зэдэлэжьэныгъэм и лъагъуэхэшу къыщIэкIыну си гуапэщ.

**Агуей Тэлат**, *КъБКъУ-м щIэтIысхьэну хуейхэр щагъэхьэзыр курсым и студент. Тырку Республикэ:* - Хэкум сыкъэмыкIуэж щIыкIи ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зэхэсхащ, къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъу мы гъэм екIуэкIа Iуэху зыбжанэм сыхэтащ срагъэблагъэурэ. Абыхэм къакIэлъыкIуа Iуэхущ мы спектаклыр.

Алий и дуней еплъыкIэр, и хьэл-щэныр, езыми къызыхэкIа лъэпкъми яшэчахэр, я щхьэ кърикIуахэр, нобэ къэхъум хуэдэу, артистхэм ди нэгу къыщIагъэхьэн яхузэфIэкIащ. СыгуфIэу икIи сринэщхъейуэ сеплъащ спектаклым, гурыIуэгъуэу си гугъэщ сыт щхьэкIэми. ГурыщIэ зэмыщхьхэр къэзыгъэуша, мы лэжьыгъэм хэлIыфIыхьа псоми я Iуэху дахэ хъуну си гуапэщ.

**Бейтыгъуэн Еленэ**, *филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат:* - Пэшыр даущыншэт, куэдым я нэпсхэр яхуэгъэпщкIуртэкъым. Дэтхэнэми и гъащIэм хэт къыщIэкIынт зэман бзаджэм зи гъащIэр игъэнахэр, абыхэм я бынхэу «къэралым и бий!» мыхъур бзаджэр зытелъахэр. Пьесэм къытхуиIуэтэжащ Iуэхур къызэрекIуэкIа дыдэр, лей къызытехьэну къэзымылэжьа цIыхум игъэвар, хьэл псыхьа зэриIэм къыхэкIыу зызымыгъэщхъа цIыхум и щхьэ закъуэ ехъулIэныгъэ щхьэкIэ нэхъ лъапIэ дыдэу иIэ и гъащIэми зэрыщымысхьыжар.

Актёрхэм я джэгукIэр а зэманым псэуа цIыхухэм уаIущIами ярейт. Пэжагъ ин хэлъу лIыхъужьхэр къызэрагъэлъэгъуэфар артистхэм я ехъулIэныгъэщ.

**P.S**. Мы спектаклыр зытеухуар лъэпкъым ЩоджэнцIыкIу Алий и щIэиным хуищI пщIэм и закъуэкъым. АтIэ дришалIэу аращ ди къалэнхэм ящыщ зым - иджырей щэнхабзэм егъэпщауэ абы и тхыгъэхэм я мыхьэнэм иджыри зэ егупсысыжыным. Литератор цIэрыIуэм и псэ зэрышхым, и гупсысэ щIэншэм, и Iуэху бгъэдыхьэкIэ-гъэзэщIэкIэм я дунейм ухэзышэщ а псор.

**ИСТЭПАН Залинэ**.
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



**Нинэ Ираклиевнэрэ Динэрэ** *(джэгухэр Балъкъэр Тамарэрэ Соблыр Дианэрэщ).*



**Алий и ролыр Хьэщхъуэжь Ислъамрэ Къардэн Зауррэ ягъэзащIэ**.



**Тыркум хьэлъэзехьэу щыIэ щIалэгъуалэр** *(Хьэщхъуэжь Ислъамрэ Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым и студентхэмрэ).*

● ЕгъэджакIуэхэм я лъэIукIэ

# Хьэту Пётр и щIымахуэ усэхэр

*ТхакIуэ, усакIуэ, УФ-м и Журналистхэми ТхакIуэхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт Хьэту Пётр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи усэхэр, рассказхэр, очеркхэр етх. И тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ («Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Литературная газета», «Адыгэ псалъэ» газетхэм) щIэх-щIэхыурэ къытохуэ, радиомрэ телевиденэмкIэ къат. И Iэдакъэ къыщIэкIахэм ящыщ курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я программэм хыхьэу ирагъэдж. КъищынэмыщIауэ, Налшык, Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщыдэкI журналхэми традзэ. Апхуэдэхэщ щIэупщIэ зиIэ, сабийхэм яхуэгъэза «Тхьэгъэлэдж» (1993 гъэ), «Гугъэм и кхъухьхэр» (1995 гъэ), «Жьырытэдж» (1998 гъэ), «ПщIыхь плъыфэхэр» (2000 гъэ), «Бжьыхьэ удж» (2005 гъэ), «ПщIащэпыху» (2010 гъэ), «Псэгъэкъабзэ» (2003), «Зауркъан и дыщэ фалъэр» тхылъыр (2016 гъэ).*

*Илъэс зыбжанэкIэ зэхуихьэсыжа «Таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ» тхылъыр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зыхуэныкъуэщ икIи абы ихуа тхыгъэхэм щIэупщIэ яIэщ. Пётр и Iэдакъэ къыщIэкIа усэ зыбжанэ хагъэхьащ усыгъэ щыхьэзэхуэхьэса тхылъхэм. И усэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ Куллэ Виктор, Латынин Валерэ, Ярапольский Георгий, нэгъуэщIхэми.*

*ТхакIуэм журналистикэмрэ литературэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къалъытэри, абы къыхуагъэфэщащ «Илъэсым и журналист нэхъыфI» саугъэтыр (1993 гъэ), «Сабий тхылъым и тхьэмахуэ» Iуэхум хыхьэу, «Жьырытэдж» усэ тхылъым папщIэ «Илъэсым и сабий усакIуэ нэхъыфI» саугъэтыр (2002 гъэ).*

*Хьэтум и усэ-къебжэкIхэр, усэ-къуажэхьхэр, псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, гушыIэхэр, ауанхэр, щIагъыбзэхэр, нэгъуэщI-къинэмыщIхэр къыщыгъэсэбэпа усэхэри и мащIэкъым. Курыт еджапIэхэм я егъэджакIуэхэм я лъэIукIэ, Хьэту Пётр и щIымахуэ усэхэр тыдодзэ.*



## ЩIЫМАХУЭ УСЭХЭР

### ЩIЫМАХУЭЕДЖЭ

Ей, ЩIымахуэ, ди ЩIымахуэ,
Къытхуэупсэ – ухъу тхуэмахуэ!
Уэсыр къабзэрэ щабабзэу
Къытхуегъэс, уэзрихабзэу!
Дэ Уэсгуащэ дахэ тщIынущ,
Абы джэгухэр етщIэкIынущ,
Хъуэхъу-уэрэдхэр хужытIэнущ,
Дади нани дгъэгуфIэнущ!

### ДИ КХЪУЖЬЕЙР

Ди кхъужьейм гъэ дихати,
И пкъым зигъэпсэхужат.
Бжьыхьэр къэсри, щIыIэ хъуати,
Тхьэмпэри пылъэлъыжат.
Ауэ нобэ – сыт телъыджэ! –
Кхъужьеижьыр нэху къекIащ,
Мо Iумыл зытелъ гъурыджэм
Къуаргъхэр пызу къыпыкIау!

### ХЬЭПШЫРЫМ И ТХЬЭУСЫХАФЭ

Сеуфэнщ Iыр уэшхым, уэс къыстосэ,
Сэрей щIыIэжьым сыкIэщIэлъщ...
Сыхэлъщ ныжэбэ къеса уэсым, –
Си дзапэм си псэ тIэкIур фIэлъщ...
Мы пщIантIэм сэ сыкъэзыхьахэр
Нэхушхуэщ, хуабэщ зыщIэс унэр...
Абы къыщIэкIмэ, Iэ къыздалъэ,–
СхуащIынягу къэкIыркъым хьэунэ!..

### ЩIЫМАХУЭР КЪЭСЫПАЩ

Уэсыр къосыр, уэсыр къосыр,
Жыгми унэми ятосэ,
Губгъуи псыхъуи щоджэрэзыр,
ЩIихъумащ ди бгыщхьи мэзи...
Къосыр укхъуэу, къосыр щабэу,
Мы дунейм щIегъэкI и хуабэр,
УвыIакъым зы тхьэмахуэ...
Арти, къэсыпащ щIымахуэр!

### ГЪЭРЭ ЩIЫРЭ

Жэщым жьыр къугъащ хьэмыщэу,
Бжэ-щхьэгъубжэм теухьащ...
СыщыщIэкIым нэху зэрыщу,
Дадэ жери: «ЩIыр къихьащ!
ТIэкIу нэхъ хуабэу зыкъэхуапэ,
Хьэнцэр къащти уэсыр тхъу!..»
Сэ ар зыуэ хъуат си гуапи,
СыгуфIэжу жысIащ: «Хъунщ!»
Сэ куэд щIауэ сежьэрт уэсым –
Дадэ Iэжьэ гъэм схуищIат...
Си лъэгуажьэм нэс къысхуэсми,
Iуэхур псынщIэу згъэзэщIащ.
СыщыдэкIым дэсшу Iэжьэр,
Сыту Iейуэ згъэщIэгъуа –
ЦIыкIуми инми ди Iуащхьэжьыр
ХъумпIэцIэджу яуфэбгъуат!

### ЩIЫIЭЛIЭХ

Джэду цIыкIум зегъэхуабэ, –
Уэс къесамэ, абы пыкI! –
Махуэ псом кIэрысщ хьэку джабэм,
ЩIыбым ауи пхущIэмыкI.
Гъурнэ-гъурнэм тIэкIу зегъафIэ,
Абы фIэфIыр гъатхэ щIыбщ.
Нобэ ар щIэмышыгъуафIэ,
Бжэр Iупхамэ, иц къолыб.
ЩIэупщIауэ щысщи и кIэр,
Дэнэ ар щыпхущIэкIын!..
Щхьэукъуауэщи, къыхоскIыкIыр, –
Дзыгъуэ ещэу къыщIэкIынщ.

### ЩIЫМАХУЭ ШУ

ПщIэгъуалэм тесыр сыт зезыхуэр?
Къэсауэ – куейм зыщейкъуэдий,
Шым и пэм щIыIэуей кърихум
Псы цIыкIухэр мылу егъэдий!..
Уэсукхъуэ джэгур и ужь иту,
Фиижу, хьэблэм къыдыхьащ,
ДыкъыщIэплъыну дыхуимыту,
ЩIымахуэ уае къытхуихьащ!

### ЖЭЩ ЩIЫIЭ

ЩIыбым сыкъыщIокIри, –
Сыту щIыIэ! –
Iэгур щIичу,
Бжэкъур къызэпхъуащ.
Дуней псор мэпIэнкIыр,
ЗэщIоцIычэ,
Сытхъум ди кхъужьейр
ЗэщIигъэтхъуащ.
Жьыбгъэ Iэлхэр,
Фийхэу,
Зэподжэжыр...
Аддэ жыжьэу
Бзу макъ къыщыIуащ...
Мазэ никъуэм –
КъакIуэри –
И пэплъыр
Уэнжакъ хуабэм,
Месыр,
ИриIуащ.
Ди Хьэмыщэ
КъыщIэмыкI и унэм,
Зишыхьауэ,
Мы жэщ псом мэжей.
И шы Iэжьэм иту,
Папщэ-хъущIэу,
Уэс Дадэжьыр
МэзымкIэ дожей...

### УЭС ДАДЭЖЬ

Хэт бгъэдэтыр ди щхьэгъубжэм,
ТхыпхъэщIыпхъэ мыл трищIыхьу,
Шхыдэу къытеуIуэр ди бжэм,
Уаер къыщIихуэн и пщIыхьу?
Ар Уэс Дадэщ, зи гур щIыIэщ,
Къыдыхьауэ пщIантIэм дэтщ,
ГущIэгъу лъэпкъ абы имыIэ,
Псори дигъэщтыну хэтщ!
Дэ абы дыщымышынэ,
Унэ хуабэм дэ дыщIэсщ,
КIуэ Гъурни, схуеуэу пшынэ,
Хуабэ-хуабэу къыскIэщIэсщ.

### ЩIЫМАХУЭ ПЩЭДДЖЫЖЬ

*Къудащ Рае и фэеплъу*

Къепсыхащ ЩIамахуэ
Дыжьыныфэр,
ЩIылъэр уэс чэсейкIэ
ЗэщIибгъащ,
Губгъуи мэзи махуэм
ЕгъэбжьыфIэ,
ЖэщкIэ зэхекIухь
Жылагъуэу хъуар.
КъыщIэкIащ ЩIымахуэр
СурэтыщIу,
Сеплъэри ди щхьэгъубжэм –
Ар къэсщIащ.
ТхыпхъэщIыпхъэ абджым
ТрищIыхьыр
Дуней псом и теплъэу
Къыпхыщащ.
ИлъэсыщIэм пежьэу,
КъикIухьами,
Ди жьакIащхъуэ
Дадэр Емыша, –
Iэжьэ зыкъизыхкIэ,
ПщэдджыжьыпIэм,
Псей дахащэ тыгъэу
Къытхуишащ.

### ДАДЭ И ЩЭХУ

Нобэ псей дахэшхуэ
Дадэ къытхуихьар
Дгъэувынщ Махуэшхуэм,
Ди гум ирихьар.
Сэ соцIыху Уэс Дадэр –
Ар си дадэращ,
Ауэ ар сэ дадэ
ЖезмыIэнуращ...
Псейр ИлъэсыщIэм
Сэ згъэщIэрэщIэнщ, –
Сэ щэху гуэр зэрысщIэр
Зым къезмыгъэщIэн.
Тыгъэ и гъунэжу,
Дадэ къыщIыхьэнщ,
Макъым зригъэхъуэжу,
Хъуэхъухэр къыджиIэнщ.

### ИЛЪЭСЫЩIЭ ЖЭЩ

ИлъэсыщIэр къытхуопIащIэ,
КъокIуэ, къокIуэ... Уей, къэсащ!
Ди НыбжьыщIэм иугъащIэ!..
Дэри, мис, дызэхуэсащ!
ПщIантIэр нэхущ, уэсышхуэ къосыр,
Ди куэбжэшхуэр зэIутхащ,
Сыхьэт бжыгъэр и щхьэм носыр,
Уей, ди хьэщIэр къыдыхьащ!..
Ар ди унэм къыщIыхьэнущ,
Ёлкэм вагъуэхэр фIидзэнщ,
Дадэ хъуэхъухэр къыджиIэнущ,
Дэ «Псей цIыкIур» къыхэддзэнщ.

### ДУНЕЙ ХУЖЬ

Уэсым щIылъэр зэщIибгъауэ –
Гур хигъахъуэу – уэсчэсейщ,
Жыгхэр пфIощIыр къэгъэгъауэ, –
Уэсбзууплъэр щыдолъей.
Жьыр кхъужьейм хэгъуэщыхьауэ
ЩещI, фиижу, ислъэмей...
Ди Хьэмыщэ зишыхьауэ,
Гъуэм къиплъыну зикI хуэмей.
Пэжу, щIыIэщ, пэр писыкIыу,
Уэс Дадэжьыми зефыщIыж...
Ауэ сфIэфIщи, сыхэмыкIыу,
Дуней хужькIэ зызотIыж.

### СОГЪЭЩIАГЪУЭ

«Мы уэс цIыкIухэр хэтми сщIарэт
ТхыпхъэщIыпхъэу хэзыбзыкIыр,
Зэмыщхь защIэ-тэрэфарэу
Iэпэ Iэзэу зи IэрыкIыр?» –
ЖысIэу уэм сыдэплъеяти,
Уэс Дадэжьыр пэм къепхъуащ:
«Псори пщIэуэ си гугъати
Уэ тхылъеджэм... Ин ухъуащ!
Класс етIуанэми укIуащи,
СыпцIыхуну игъуэ хъуащ!..»
Еплъыт, а Дадэжьым жиIэр,
Ар сэ сымыцIыху нэхъей,
ТхыпхъэщIыпхъэхэр зэрищIри
Сэ куэд щIауэ сощIэ, ей!
Ауэ, пэжу, уэс щабабзэр
СогъэщIагъуэ: налъэ къэс
ЦIыху IэпапIэхэм хуэдабзэу,
Зэмыщхь защIэу къытхуегъэс.

### ДИ ХАДЭМ

Сыту бзаджэ ЩIыIэ Дадэр!
КъыщекIухьри итщ ди хадэм,
Умылъагъуу Iулъщ нэщыпхъуи,
Дунейм теткъым ар зэмыпхъуэ:
Ди пэр плъыжьу писыкIащ,
Ди нэкIущхьэр трижыкIащ,
Хадэ псор зэщIегъэцIычэ,
Дыхигъэткъым мы уэсмычым!
КIий къытфIощIыр: «ФикI мы хадэм!
Мыр си лъапсэщ!.. Сы-Уэс Дадэщ!..
Сыпащтыхьщи, Уаеу щыIэм
Сыкъеджэнщи –
фисынщ щIыIэм!..»
Дэ уэсгуащэ щыдощI хадэм,
Къыдмыдзэххэ а Уэс Дадэр...
Псэ хэтлъхьэнщи ди Уэсгуащэм,
ПщIэ хуэтщIынщ абы хуэфащэу:
Усэ цIыкIу дыкъыхуеджэнщ,
Джэгу хуэтщIынщ – дыкъыдэфэнщ!

### УЭСГУАЩЭ-ХЪУМАКIУЭ

Дадэ пщIантIэм щыхисауэ
Зы псей щхъуантIэ дахэ дэтщ,
Ди мэзщIэсхэр къехъуэпсауэ,
Къощэр – ядыгъуну хэтщ.
Едгъэжьэжу Илъэсыжьыр,
ПщIантIэм Гуащэ дэтщIыхьащ,
Фоч къутауэ зэгуэтыжьыр
Дадэ къихьри кIэрищIащ...
Ар бгъэдэтщи ди псей щхъуантIэм,
ТфIэтелъыджэщ ди Iэужь, –
Мис иджы си Iуэхущ ди пщIантIэм
Къыдыхьэфмэ зы дыгъужь!

### УЭСГУАЩЭ

Жьы бгъакъэ щIыкIейхэр
Зэпеуэу мэхъущIэ, –
ЖыгыщIэ хэтсар
ЯудыныщIэ, яфыщI.
Уэс Дадэу жьакIащхъуэм,
ГущIэгъур зымыщIэм,
ЕIуящIэ щыкIахэм
ФIыщIэшхуэ хуимыщI...
Уэс Дадэр шууейуэ
КуэбжэпэмкIэ блэжти,
Къуаншагъэр щилъагъум,
Абы къегъэзэж,
Уэс щабэ къауцыр
И Iэпэ къыпыщу,
И шыгъуэм къопсыхри,
Кхъужьейм къыщхьэщож.
«Уэсгуащэщ!» – жыпIэну,
Жыг цIыкIур ехуапэ, –
И пыIи, и вакъи,
И Iэлъи къауцщ.
Иджы къауц щабэм
Кхъужьейр егъэхуабэ...
Мис, сэри сыгуфIэу
Щхьэгъубжэм сыIусщ.

### КЪУАЖЭХЬХЭР

Iуигъэщту щIыIэр, Дадэ Уаем,
Къопхъуэну зищIурэ, мэбзае.
ГъуркI IэплIэ дэ зэхуэтхьэсар,
Дакъикъэ бжыгъэм игъэсащ.
*(ЩIымахуэ губгъуэ мафIэ)*

* * *

Тхьэгъэлэдж щохьэжэ уафэм,
И кхъузанэм щIегъэпщыж,
КъелъэлъэхымкIуэакIи тафи
Къимыгъанэу есеиж.
*(Уэс)*

* * *

ТхыпхъэщIыпхъэ вагъуэ дахэу
Щэхурэ щабэу уафэм къох,
Жьым зэрихьэу ахэр махэщ –
Уэзпхъуар уи Iэгу щобзэх.
*(Уэс цIыкIу закъуэхэр)*

* * *

Гъуэрыгъуэххэу зыр зым тежу,
ЗэкъуэшитIыр къызэдожэ,
Зыщыджэгур ахэр мылщ,
Дыжьыныфэхэщ, масилщ.
*(Лъэрыжэхэр)*

* * *

Джабэр лъагэщ, уафэм нэсу,
Ар щыдэсшкIэ, сегъэмэх,
Сэ абы сызэрышэсу –
Жьым дытежу дыкъожэх.
*(Iэжьэ)*

* * *

ЩицIывыгъуэ гъэмахуэкуми
Щхьэримых абы и пыIэр,
И уардагъ-инагъкIэ хэкуми
КъыпэхъунIабы щымыIэ.
*(Iуащхьэмахуэ)*

* * *

А жыгыр мэзым къыщалъхуащ,
Ар мэзым къыщыхъуащ,
ЩIымахуэми гъэмахуэми
ЩхъуантIабзэу ар щытащ.
Иджы гъэщIэрэщIауэ ар
Махуэшхуэм къытхуэкIуащ,
ГуфIэгъуэ мыухыжхэри
Сабийхэм къахуихьащ.
*(Псей)*

*Зыгъэхьэзырар*
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.




● Шхыныгъуэхэр

# ТебэкIэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцIа, кIэртIоф, бжьын щIэлъу



Бжэныл гъэгъупцIар зэпауд е зэпаупщI г 40-50 хъу тыкъыр цIыкIуурэ, псы хуабэкIэ ятхьэщI, тебэм иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри, тебащхьэр трапIэ. Хьэзыр хъуху, псыр щIэвэщIэху, зэзэмызэ зэIащIэурэ мафIэ щабэм тету ягъавэ. Псыр щIэвэщIа нэужь къыщIидза дагъэмкIэ дакъикъи 5-8-кIэ, тхъуэплъ хъуху, зэIащIэурэ ягъажьэ.

КIэртIофыр IупщIэурэ яупщIатэ, шыгъу трагъэщащэ, тIэкIу ягъэжэпхъыжри, лы жьэм, зэIащIэурэ, халъхьэ. Тебащхьэр трапIэри, дакъикъи 10-12-кIэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэIащIэурэ. ИтIанэ бжьыныщхьэ упщIэта халъхьэ, псори зэIащIэри, хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Жьэным зы дакъикъэ е тIу фIэкIа имыIэжу шыбжий сыр хьэжа траудэ.

Хьэзыр хъуа лыр пэшхьэкум къытрах, джэдгын траудэри, тебащхьэр тепIауэ дакъикъи 4-5-кIэ щагъэт. Пщтыру яшх. Дашх пIастэ хуабэ, мырамысэ.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** бжэныл гъэгъупцIауэ - г 400, кIэртIоф укъэбзауэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, псы щIыIэу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

● Псэущхьэхэм я дуней



# ХьэIуцыдз

ХьэIуцыдзыр дыгъужьым ещхьщ, ауэ нэхъ цIыкIущ. И кIыхьагъыр сантиметр 71 - 85-м, и хьэлъагъыр килограмм 23-м нос. А псэущхьэм гуп-гупурэ къакIухь икIи зэщIыгъуу былымхэм ятоуэ - къару зэхэдзэкIэ зытеуа Iэщым нэхъ полъэщ.

Ди щIыпIэм илъэс 50 - 60 ипэкIэ хьэIуцыдзыр щыкуэду щытакъым. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм куэду къихьэу щыщIадзар 1968 - 1969 гъэхэрщ. Иджыпсту хьэIуцыдзыр дэни щопсэу, къурш мэзышхуэхэм нэсу. ХьэIуцыдзхэр ди щIыпIэм куэду къызэрихьам щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ къалъытэр абы ныкъуэкъуэгъуушхуэу яIа дыгъужьхэр зэтраукIэу зэрагъэкIуэдыжарщ. Ар хэплъыхь зымыщI псэущхьэшхщ. Абы IэщIокIуадэ хьэпщхупщхэр, гъудзэбадзэхэр, мэз, унэ, псы псэущхьэхэр, къэкIыгъэ зэхуэмыдэхэр, я хьэрэмкъым псэхэлIэлыр.

● ЖыIэгъуэхэр

# ТхьэкIумэм узыхуэмей куэд зэхех...

♦**Гъуэгушхуэр лъэс лъагъуэ цIыкIу-цIыкIуурэ яухуэн.**
♦**Нэмысыр хьэхууи ятыркъым, щIыхуэуи къащтэркъым.**
♦**ТэмакъкIыхьыр къыщебгъэтхъмэ, тэмакъкIэщIыр пщигъэгъупщэжынщ.**
♦**ТхьэкIумэм узыхуэмей куэд зэхех, ауэ жепIэу мащIэщ ихьэр.**
♦**Уи гум къишхыдыкIар къыптекIуащ: е хахуагъэкIэ, е щыуагъэкIэ.**
♦**Щхьэщытхъур имыцIыху гуэрым тепсэлъыхь хуэдэщ.**
♦**ХъарбызитIыр зы IэкIэ пIыгъыныр зырикIщ, щэху пIыгъыным елъытауэ.**
♦**Щэху къыбдэзыщIэм и Iупэр мэпIэжьажьэ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

# Гугъэ-дыгъэ!

ГУР зыгъэгугъэ, хъуапсэ жылэу псэм хэлъ!.. Емыплъ ар ныбжьым, цIыхугуу щыIэр итщ и ужьым, лъэIэсыным ныхуэпIащIэу. Ди нэхъыжьхэм къытхуагъэнауэ, тщIыгъущ щIэиныфIу гурыфIыгъуэр. Гугъэр гум и тепщэщи, зэрехуэ, псэхупIэ иримыту; гъащIэм хуиIэ гугъапIэхэм кIэлъегъэпхъэр. ГъэщIэгъуэныр аракъэ: ауи зыхригъащIэркъым гъащIэр зэрыкIуэщIыр.

Дауэ хъуми, цIыхугур зэгуэр лъоIэс и хъуэпсапIэм. ИIэнщ абы дяпэкIэ тепыIэ, тыншыгъуи игъуэтыжынщ. АрщхьэкIэ, дэнэ? Гум хуэфIу IэфIыгъэр щыз хъуащи, мэпабгъэ аргуэру, мэхъуапсэ. И гугъэщ дуней фIыгъуэр къыпэплъэу... Арыххэуи йожажьэ, тоувэ гъуэгуанэ жыжьэ. ПхрокI мэз Iувхэм, и лъэр щIэщIэу. КъызэренэкI губгъуэшхуэхэр, тенджыз абрагъуэхэр, щхьэдох зи щыгум пшэ хужь гуэрэнхэр щызеуэ къыр задэхэм. МакIуэ, жьуджалэ хуэдэ, жьым зэридзэу, борэн бзаджэм зэщIиIулIэу. Сыти жыIэ: гугъуехьт и натIэр. ПлъэмыкIыу уогузавэ, гум и гугъапIэр IэщIэхуу, ныбгъуэхьэшым къинэнкIэ. Хьэуэ, IэщIэхункъым и плъапIэр, къэхыщIэуи бжьизкIэ къимыкIуэтын. Сыту жыпIэмэ, гумрэ гуращэмрэ быдэу зэрыIыгъщ, зыр адрейм и щIэгъэкъуэну къогъуэгурыкIуэ. Узэкъуэтмэ, улъэщщ. ИтIанэ абы хьэкъкIэ и фIэщ мэхъу, ишэча псом пэкIуэу, зэгуэр фIыгъуэшхуэ къызэреуэлIэнур, гъащIэм нэхъри хуэнэхъуеиншэ зэрыхуэхъунур.

Гум и закъуэ-тIэ гугъэм псэхугъуэ зримыгъэгъуэтыр? Йопэщэщ ар псэми, йоныкъуэкъу, егъэпIейтей. Дунейр фIэмыIэфIыжу гу лъитамэ, йодэмэпкъауэ, игъэгушхуэу. Псэм зыкъещIэжри, жан къохъуж, фIым, дахагъэм хуэпабгъэу йожьэж. Мы гупсысэм щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэхэр лъэпкъ тхыдэм и мащIэкъым. «КъухьэпIэ пшэплъу уи щIым телът мафIэсыр... ИтIани гугъэм я нэхъыфIыр пщIырт»... Зэгуэр и лъапсэжьрэ и къуэпсрэ зыфIэкIуэду кIуэдыпIэм ихуа адыгэр гугъэрт, цIыхугъэрэ хабзэрэ зыхэлъ лъэпкъыу къызэтенэну. Я лъэр щIаудами, я плъапIэр адэжь щIыналъэрт. Аращ абыхэм псэхэлъхьэжу яIар, къару мыкIуэщIрэ ерыщагъ быдэрэ къахэзылъхьар. Узижагъуэм и гурыгъыр иужи, и гугъэ IэфIыр къытиункIыфIэ! Ар уи гущIэм щыблэхущ уи дунейр. Апхуэдэу ерыщу псэуныгъэм ухуезыджэрэ уи лъэкIыныгъэр зэуIу зыщIрэ зыри къигъэщIа щIыкIэкъым Зауэм хэкIуэда и быным къигъэзэжыным пэплъэу зи дунейр езыхьэкIа анэ дапщэм я гъащIэм къахупища а гугъэ-дыгъэм? Ауэ жиIэркъым псалъэжьым: «Гугъэр гъащIэм и пкъощ». Къыпхелъхьэ абы лIыгъэ, Iущыгъэ, шыIагъэ, лъэпкъым и зэфIэкIыр дреIэтей. Зи плъапIэр дахэм и зэфIэкIри инщ - къохъулIэ и хъуэпсапIэр... Уи гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу упсэуныр аракъэ езыр насып хъужыр?! Насыпщ, узыхуеIэм уи гур дэгуфIэмэ, дэгушхуэмэ; щыбгъуэт гукъыдэжым узэщIиIэтэрэ лъагапIэ иным укъытехутэмэ. Укъуэмыхьэ, гугъэ-дыгъэ, псэр емышу гъэхъуапсэ.

**БЕЙ Жансурэт.**

● Фэ фщIэрэ?

# Хашэ щыхьэт

ЖЫЛАГЪУЭ зэхэтыкIэм ехьэлIауэ адыгэхэм я деж къыщекIуэкIыу щыта хабзэщ. Дыгъур е щIэпхъаджагъэ зылэжьар къыщIэгъэщыныкIэ щыхьэту къэува цIыхум е гуп щхьэхуэм «хашэ щыхьэткIэ» еджэрт. Псалъэм папщIэ, къуажэдэс гуэрым и Iэщ е нэгъуэщI мылъку фIадыгъуамэ, дыгъур хэтми зыщIэ цIыхум хэщIыныгъэ зыгъуэта унагъуэм щэху хъыбар яIэригъэхьэрт къуаншагъэ зылэжьар зэрицIыхум, хашэ зэрыхъуфынум теухуауэ. Апхуэдэхэм деж хашэр ягъэлъагъуэртэкъым, и цIэри къраIуэртэкъым.

Дыгъур сэтей къызэращIыр мыпхуэдэут. Хашэм и деж пщIэрэ щхьэрэ нэхъ яIэу къуажэм дэс лIыжьитI-щы, ефэндыри я гъусэу, ягъакIуэрти, жрагъэIэрт илъэгъуар, дыгъум и цIэр. ИтIанэ лIыкIуэхэр дыгъум и деж кIуэрти, хашэ щыхьэт къалэн я пщэм дэлъу зэрахуеблэгъар жраIэрт. Нэхъыжьхэм яIуатэрт мылъкур зыфIэкIуэдам хашэ зэриIэр, езыхэри абыкIэ щыхьэт зэрыхъур. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дыгъур къаумысырт.

# ХашапщIэ

ПАСЭМ щыгъуэ, теуэ ящIрэ Iэщ яхуу, мылъку ядыгъуу щыщыта зэманым щыIа хабзэщ. Зыгуэрым апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэ къращIамэ, ар зи Iэужьыр зыщIэр къакIуэрти, ищIэр, илъэгъуар къыхуиIуатэрт. Хашэ хъуа цIыхум щэхур наIуэ зэрищIам пэкIуэу ирату щыта мылъкум «хашапщIэкIэ» еджэрт.

# ХеящIэ

ЖЫЛАГЪУЭ зэхущытыкIэхэм епха псалъэщ. Къуаншагъэр зэхигъэкIыну, ар зылэжьам тезыр трилъхьэну жылэ къэс хахыу щыта цIыхущ. Иджы судыщIэкIэ апхуэдэм йоджэ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Лъакъуэм ищI лъэужь. **3**. Адыгэ лъэпкъхэм яз. **7**. Дунейм и лъэныкъуиплIым язу дыгъэр щыкъухьэмкIэ гъэзар. **8**. Щхьэ бжыгъэр къыщабжкIэ «цIыху» мыхьэнэр иIэу къагъэсэбэп псалъэ. **11**. ГъущI, шыгун, гъуаплъэ уэзджынэ ин. **13**. Мэчэм кIуэуэ къэкIуэжа цIыху. **14**. Зы кIапэ лъэныкъуэмкIэ пIащIэу упIэщIа пхъэ яе е гъущI кIапэ пхъэ ирызыгуаудын папщIэ къагъэсэбэп.

***Къехыу:*** **1**. Жьэгум шыуаныр зыщыфIадзэну хуэщIа цеп. **2**. Мэкъумылэ, паупщIа ягъэгъужа удз. **4**. КъилъэтыхьурэЭ удз гъэгъам фо къыпызых гъудэбадзэ лъэпкъ. **5**. ХадэхэкI зытеса е жыг лъэпкъ Iэрысэхэр щагъэкIа щIыпIэ. **6**. Зы мэжджытым къепхауэ, хьэблэ зыбжанэ хъууэ къуажэм щыщ Iыхьэ. **9**. ЩIапIэ, хадэ сыт хуэдэхэм кърагъэбыдэкIын щхьэкIэ бжэгъум чы, банэ дадзурэ яхур. **10**. ЩIым и гъусэ, дыгъэм и нуркIэ блэ уафэ пкъыгъуэ. **11**. Пасэрей зауэлIым и жыр пыIэ. **12**. Жэмым къилъхуа щIэжьей.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.




***ЩэкIуэгъуэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Джарым. **6**. ПщIэрэ. **7**. Шу. **8**. Жьэмей. **10**. Къугъ. **14**. БгъэрыщIэ. **15**. Гухъу. **17**. Чэтэн. **19**. Къуэ. **20**. Шыпсэ. **21**. Алътес.

***Къехыу:*** 1. Нану. **2**. ТIыхъужь. 3. ПщIий. 4. Къурыкъу. **7**. Шылъэгу. **9**. Мурат. **11**. Гъатхэ. **12**. Абэ. **13**. Уэд. **16**. Хъудыр. **17**. Чысэ. **18**. Налъэ. **19**. Къулей.

